Chapit 1, *Pale kare*, Rony Joseph

Marye de kolonn yo.

1. Moun nan pa gen moun pou pran swen l.	L ale a tout boulin
2. Woule ak gwo vitès.	Li about ak kò l.
3. Moun nan alèlè, li fyè, li egoyis.	Li achte figi yon moun
4. Malè sou malè.	Li aladeriv
5. Flate yon moun.	Sa mete abse sou klou
6. Ou di sa pou montre pitye	[Adje podjab!]
7. Ou mouri, ou prale...	[Peyi bwachat]
8. W ap mache an kachèt.	[Alawonyay]
9. Ou rilaks, ou bon, w ap tchil.	[Alèz kou blèz]
10. Yon pyèj, yon pèlen. Tann yon pyèj	[Yon atrap nigo]

Ranpli espas vid la:

1. Se yon avantaj bab e _____ [moustach]
2. Nou pou kont nou, n ap pale ann _____ [apate]
3. Move sitiyasyon, ou an _____ [degraba]
4. Maryaj yon wa se yon evènman an gran _____ [panpan]
5. Moun nan abiye byen, li an plim de _____ [pan]
6. L ap aji an sekrè, anba _____ [chal]
7. Sitiyasyon l ap vin pi mal, mete bab ou _____ [**bab... alatranp**]
8. M kontre rival mwen _____ _____ _____ [bab pou bab]
9. Se istansil nan kizin, se _____ kizin [batri]
10. Li kontwole simityè a, se _____ _____ [Bawon Samdi]
11. Kraze libète lapawòl se bay _____ [baboukèt]

Sèvi ak espresyon sa yo pou rakonte yon istwa, fè yon deskripsyon, bay yon definisyon, oubyen pratike kreyòl la.

- bay demwatye
- bay gabèl
- bay koutlang
- bay kout pitit
- bay kwochèt
- bay legen
- bay ponya
- bay poto
- bay piyay

Dekouvri mo ki manke a!

1. Rezon pou anpeche maryaj:	[ban maryaj]
2. Ou pa fidèl ak menaj/mari/madanm ou	[bay zoklo]
3. Bannann plati	[bannann peze]
4. Li blan, li pòv.	[blan mannan]
5. Li travay nan kamyon, men l pa yon bèf.	[bèf chenn]
6. Li renmen pale franse twòp.	[bouch pwenti]
7. Li pa gen dan menm	[bouch fobo]
8. Ou gen vyann nan dan ou, ou bezwen...	[bwa dan]
9. Ou pa konnen, ou pa gen rezon.	[bwè pwa]

Pale kare. 150 – 197

Sèvi ak vokabilè Jozèf yon jan kreyatif ak kominikatif

1. Dekri **Fiyèt Lalo** yo.
2. Ki lè w anvi **lage de gidon dèyè** yon moun?
3. Ki fanm Ozetazini se yon **Larenn Dede**?
4. Kisa w anvi fè lè **lekòl** la **lage** ete sa a?
5. Ki lè moun konn resevwa **lèt sinistre**?
6. Dekri yon '**lwa bitasyon**.'
7. Ki **ma swife** [ma sifre] ou te bezwen monte nan lavi w?
8. Ki lè w konn **mare min** ou?
9. Kisa ki **manje gonbo**?

Ki fraz ki marye ak mo ki anba yo?
[lage aladeriv] [lave dan sou moun] [lwijanboje/lijan boje]
[mande anraje] [meli melo] [manje manje bliye]
[lage koukou wouj dèyè yon bagay]
[Papa/Manman aloufa]

1. Mete tout resous anbranl.
2. Lè yon moun santi li abondone.
3. Pale moun mal.
4. Yon bandi, yon visye.
5. Moun nan move anpil.
6. Ou pa chonje sa w te dwe fè.
7. Li pran tout pou li.
8. Tout bagay tèt anba.

Konekte imaj ki anba yo ak vokabilè ki nan liv la

1 

2

3

4

5

6

7

8

9 

10

11

12

13

[Moun mòn
Mete fanm sou ou
Moun pa
Mete gason sou ou
Mete men
Mèt Janjak

Mòde gwo pous
miwa lèzanj
moun peng
milyon ven
ma swife
monte sou beton]

mò vivan

Joseph, pp. 198 - 243

[li nan dengonn li – li leve o pipirit chantan - li nan tout sòs - li pa gen nad marinad – Se nèg Ginen li ye – Se nèg mòn li ye - li nan bòl li – li ozanj - Se nèg save li ye]

1 

2 

3

4

5

6

7 

8

9

1. Lè yon moun ap pale san rete. [li pa bay bouch pou pale]
2. Li pa enterese nan anyen. [li pa sou sa]
3. Se konsa moun Kap Ayisyen yo pale [pale moun nò]
4. Pawòl ki pa gen sans [pale kwochi]
5. Li rantre nan koze a san envitasyon [papa toudenkou]
6. Dokiman ofisyèl. [papye tenbre]
7. Pase yon nuit san ou pa dòmi [pase yon nuit blanch]
8. Pawòl ki fè moun fache. [pawòl piman bouk]
9. Simetyè. [peyi san chapo]
10. Boule yon moun ak kawoutchou. [pè lebren]

Vokabilè pou kominikasyon:

1. Kisa yon **pè savann** konn fè?
2. Kisa ki kapab fè w **pèdi fèy** ou?
3. Ki **pèlen tèt** ap trakase Etazini?
4. Ki moun ann Ayiti se **pitimi san gadò**?
5. Ki lè w te dwe **pote po kase** pou yon fòt yon lòt moun te fè?
6. Ki lè w rele *plim ne gouy*?
7. Kisa w konn fè **plop plop**?
8. Ki lè w pran **alèzkò**?
9. Ki lè ameriken yo te pran nan **malachonn**?
10. Poukisa Aristid pran rak nan 1991?

Pale kare, 244-262

A.Ki mo nan lèt "S" ki efase?

1. Moun nan fache anpil! [San cho]
2. Gason an fè l san pitye! [San manman]
3. Fi a gen anpil pasyans! [San sipòtan]
4. Bagay la chè anpil anpil! [Se pete fyèl]
5. Moun yo bezwen pran kouray [Sere dan]
6. Sèkèy la manke poli. [sèkèy madoulè]
7. Li gen tout pouvwa. [sèl kòk chante]
8. Li pa kwè sa yo di. [Sen Toma]
9. Ou pran anpil prekosyon. [Sou brennzeng]

B. Sèvi ak vokabilè pou fè yon ti koze sou opinyon w yo

1. Ki lè w gen san cho?
2. Sa w ap fè san grate tèt?
3. Kisa w ap fè san pran souf?
4. Se dat w ap tann pou ki bagay?
5. Ki lè se sesisela patatipatata?
6. Ki lè w sen legliz?
7. Egzanplifye yon sitiyasyon mangonmen.
8. Ki lè l bon pou yon moun sonde teren?
9. Ki lè n ap manje soup lendepandans? Sa n ap mete ladan ni?

C. Sèvi ak espresyon an nan yon fraz kreyatif:

Rale zòrèy
Rele lwa yo
Radyo vouvou
Ras kabrit
Ranmase djobolobosou
Rantre nan nannan koze
Rantre nan levanjil
Rete bèkèkè
Rèd chèch

Rony Joseph, 243 – 278 (279 – 298)
Fè yon fraz kreyatif ak chak imaj:

Li pa fasil mache ak talon kikit

Tape kat anvan ou jwe.

Tab gani an pare; annou lapriyè

Gazolin ann Ayiti se tèt nèg.



Tan malouk la ap vini.

Tan mare, gen anpil nyaj.

Tann rad konsève enèji

Gason yo ap tcheke grenn

Se madanm Woben Lakwa!



tèt li chaje... bagay pa bon

De gason sa yo tèt koupe... poukisa?



Papa a tèt kokolo (podyab!)

L ap pran foto ak ti boubout

Se yon ti joupa/kounouk ameriken



Ti katkat la voye manje sou tèt papa



Tòti a mache ti pa ti pa.

L ap desann top top.

Machin nan tonbe an degraba.

Fi a te tonbe ri poutèt blag la.



Tonton makout la pral fann fwa w.

Li pa sanble tonton nwèl...



M ap toufe diri a

Pratike vokabilè ak patnè w:

1. Ki kalite moun ki *tanbou de bouda*?
2. Egzanplifye yon moun ki tèt di? Eske ou konn *tèt di* tou?
3. Ki kalite *ti boubout* ou ta renmen genyen?
4. Eske ou konn *toke kòn* ak yon moun nan fanmi ou? Poukisa?
5. Eske ou te janm travay *pou bontan*?
6. Esplike koze *travay demwatye*?
7. *Touye rache*, w ap fè l kanmenm. Kisa w ap fè?
8. Kisa w konn fè *tout lasent jounen*?